

I. Admisyon

Rindge School of Technical Arts la (RSTA) se departman Career & Technical Education (CTE) Cambridge Rindge & Latin School la (CRLS), lekòl segondè divèsifye nan Cambridge Public Schools (CPS). RSTA ofri kou ak pwogram ke Departman Edikasyon Elemantè ak Segondè Massachusetts (DESE) apwouve dapre Chapit 74, ki règleman CTE nan Massachusetts.

Nenpòt elèv CRLS ka enskri nan nenpòt kou RSTA li kalifye pou li; tout kou RSTA yo opsyonèl epi yo itilize yon apwòch ki pa selektif pou enskri elèv yo. Sepandan, gen de sitiyasyon nan itilize règleman admisyon sa a:

- 1.) lè demann elèv CRLS depase kapasite plas nan yon kou CTE bay (epi nou pa an mezi pou ajoute yon sesyon) epi
- 2.) lè yon elèv ki pa rezidan nan Cambridge aplike pou enskri nan CRLS nan objektif pou li pran yon pwogram Chapit 74 apwouve ki pa disponib atravè distri lekòl lokal li a.

Lè RSTA resevwa plis demann yon elèv pou kou pase li gen plas disponib nan yon kou CTE, RSTA fè yon tiraj lotri pou detèmine kilès nan elèv ki fè demann yo li pral admèt. Anplis, lè RSTA resevwa yon Aplikasyon pou Admisyon yon non-rezidan Cambridge pou li enskri nan CRLS nan objektif pou li enskri nan yon kou oswa pwogram CTE ki apwouve nan Chapit 74, RSTA aplike kritè selektif ki te apwouve pa Komite Lekòl Cambridge la.

Komite Lekòl Cambridge la pral apwouve itilizasyon kritè sa yo chak ane. Règleman admisyon Rindge School of Technical Art la klase nan dosye Departman Edikasyon Elemantè ak Segondè.

II. EGALITE NAN OPÒTINITE EDIKATIF

Cambridge Rindge & Latin School, ki enkli Departman CTE li yo: Rindge School of Technical Arts, enskri elèv yo epi mete pwogram li yo, privilèj, ak kou etid li yo disponib pou yo san konsiderasyon ras, koulè, sèks, idantite sèks, relijyon, orijin nasyonal, oryantasyon seksyèl, oswa andikap.

Si lang prensipal yon elèv pale lakay li pa angle, Cambridge Rindge & Latin School ak Rindge School of Technical Arts pral bay fanmi an enfòmasyon sou enskripsyon nan lang yo pale lakay yo a. Tanpri kontakte Biwo Rindge School of Technical Arts nan (617) 349-6766 si w gen kesyon sou pwogram oswa kou Edikasyon Teknik ak Karyè, oswa si w bezwen èd pou ranpli demann kou oswa fòm aplikasyon an.

Rindge School of Technical Arts angaje l pou bay opòtinite edikatif a elèv ki nan sitiyasyon sanzabri . Tanpri kontakte Biwo Rindge School of Technical Arts nan (617) 349-6766 oswa CRLS Family Liaison Office/Biwo Lyezon Fanmi (617) 349-6660 ak nenpòt kesyon.

Elèv andikape yo ka idantifye tèt yo volontèman nan Rindge School of Technical Arts pou mande aranjman rezonab pandan aplikasyon an ak pwosesis admisyon an.

Ni andikap yon elèv, ni lang prensipal li pale lakay li pa pral gen okenn efè sou enskripsyon yo nan Rindge School of Technical Arts.

Nan konfòmite ak [règleman](#) Massachusetts, Rindge School of Technical Arts la te kreye yon plan ak "strateji kalkile, espesifik pou ankouraje egalite nan opòtinite edikatif ak pou atire, enskri, epi kenbe yon popilasyon elèv ki, lè yo konpare ak elèv nan Cambridge Rindge & Latin School, gen yon pwofil akademik ak demografik ki konparab."

Plan pou asire Egalite nan Opòtinite Edikatif: Chak ane nan sezon otòn, Direktè RSTA a pral revize pwofil demografik ak akademik tout elèv ki enskri nan kou RSTA yo, konpare yo ak pwofil demografik ak akademik tout elèv ki enskri nan CRLS, epi idantifye tout diferans enpòtan ant sougwoup nan de enskripsyon yo. Done konparezon yo pral pataje ak Komite Admisyon RSTA a, Direktè CRLS la, ak Sipè-entandan CPS la.

Pou nenpòt sougwoup kote divèjans egziste, pwofesè ak administrasyon CRLS ak RSTA yo pral fè plis rechèch sou kòz kache yo, epi rekòmandasyon pou adrese rasin kòz yo ak aksyon yo pwopoze yo pral devlope.

III. KALIFIKASYON

Tout elèv k ap monte nan oswa aktyèl elèv 9èm, 10èm, 11èm, oswa 12èm ane (si sa aplikab) ki abite nan Cambridge ka chwazi pou enskri nan nenpòt kou RSTA Chapter 74 yo kalifye pou yo sou yon baz non selektif. Elèv yo kalifye si yo ranpli tout kondisyon yo ki nan lis pou kou yo vle pran an, epi yo te monte nan klas y ap chèche antre a, kidonk elèv yo ta dwe konnen ke enskripsyon yo li kondisyonèl—si finalman yo pa pase pou antre nan klas yo te aplike pou li a, enskripsyon yo nan kou RSTA sa a yo pral anile.

Elèv ki abite Cambridge ki satisfè kondisyon minimòm pou enskripsyon yo dwe enskri anvan yo aksepte nenpòt elèv ki pa rezidan Cambridge k ap chèche menm kou a oswa pwogram nan.

ELÈV NON-REZIDAN:

Elèv ki pa abite nan Cambridge yo ankouraje pou aplike pou admisyon nan Cambridge Rindge & Latin School nan objektif espesifik pou yo enskri nan yon pwogram CTE Chapit 74 apwouve nan Rindge School of Technical Arts, depi Direktè CRLS la deside ke lekòl la pa rive nan kapasite maksimòm enskripsyon an. Detèminasyon Direktè CRLS la li final. Detèminasyon Direktè a baze sou kapasite total enskripsyon lekòl yo ka fè menmsi gen plas ki louvri nan kou RSTA CTE yo. Tanpri sonje ke rezidan Cambridge yo ki satisfè kondisyon minimòm admisyon yo pral admèt anvan nenpòt non-rezidan k ap chèche menm pwogram nan. Elèv yo ak fanmi yo ka jwenn enfòmasyon sou [Chapit 74 Pwogram ekolaj pou elèv ki pa rezidan yo](#) an liy. Si elèv non-rezidan yo gen dwa aplike, yo aplike kèk kritè selektif (gade Seksyon VIII & IX nan règleman sa a).

ELÈV KI ALE LEKÒL LAKAY YO:

Rezidan Cambridge ki lekòl lakay yo ka enskri nan yon kou apwopriye CTE nan Rindge School of Technical Arts nan Cambridge Rindge & Latin School, menm jan ak nenpòt lòt elèv CRLS. Elèv ki lekòl lakay yo ki pa abite Cambridge ka aplike pou enskri nan yon pwogram CTE nan Rindge School of Technical Arts nan Cambridge Rindge & Latin School epi yo pral sijè a menm estanda admisyon ak lòt aplikan yo.

ELÈV TRANSFÈ:

Elèv ki deja patisipe nan pwogram Chapit 74 nan yon lòt lekòl ka aplike pou admisyon nan Cambridge Rindge & Latin School nan objektif espesifik pou yo enskri nan yon pwogram CTE Chapit 74 apwouve nan Rindge School of Technical Arts epi yo pral sijè a menm estanda admisyon ak lòt aplikan yo. Elèv ki transfere yo ki deja patisipe nan yon pwogram Chapit 74 ka aplike nenpòt lè epi enskripsyon nan kou yo mande a depann de plas disponib.

CHWA LEKÒL:

Cambridge Rindge & Latin School, ak pa ekstansyon, Rindge School of Technical Arts, pa patisipe nan pwogram chwa lekòl ant distri. Pwogram chwa lekòl entè-distri a, [M.G.L. c. MGL c. 76, § 12B](#), pèmèt paran/gadyen yo voye pitit yo nan lekòl ki nan lòt kominote ki pa vil oswa minisipalite kote yo abite a.

IV. ESTRIKTI ÒGANIZASYONÈL

Rindge School of Technical Arts (RSTA) se departman Career & Technical Education (CTE) Cambridge Rindge & Latin School (CRLS), lekòl segondè divèsifye Cambridge Public School ki lokalize nan Cambridge, Massachusetts.

Sipè-entandan Pwovizwa Cambridge Public Schools la se:

Dr. Victoria Greer, (617) 349-6400, vgreer@cpsd.us

Direktè Cambridge Rindge & Latin School la se:

Damon Smith, (617) 349-6730, dsmith@cpsd.us

Direktè Egzekitif Rindge School of Technical Arts la se:

Dr. Michael Ananis, (617) 349-6766, mananis@cpsd.us

Se responsablite Sipè-entandan Cambridge Public Schools la pou sipèviz administrasyon règleman ak pwosedi ki itilize yo pou admèt ak enskri elèv yo, konsistan ak tout lwa, règleman ak konsèy ki aplikab yo.

V. KOMINIKASYON NAN ADMISYON

Rindge School of Technical Arts kenbe yon kalandriye evènman sou sitwèb CPSD la <https://www.cpsd.us/> kote li bay enfòmasyon sou pwosesis admisyon an, ansanm ak lòt enfòmasyon sou pwogram li yo. Elèv yo ak fanmi yo ka mande kopi kalandriye a sou papyè nan rele Biwo RSTA a nan (617) 349-7782.

Rindge School of Technical Arts pataje tou enfòmasyon sou rekritman ak elèv potansyèl yo nan fason sa yo:

Tout elèv 8èm ane Cambridge yo envite chak ane pou fè yon vizit nan CRLS nan fen sezon otòn ak pwofesè 8èm ane lekòl yo kote yo entwodui yo nan pwosesis seleksyon kou CRLS yo pa pèsònèl Oryantasyon CRLS epi yo gen yon prezantasyon sou kou opsyonèl yo ki enkli enfòmasyon sou RSTA ak kou ak pwogram ki disponib pou elèv klas 9èm ane yo.

Nan mwa janvyè, CRLS fè yon Sware Enfòmasyon pou elèv k ap antre nan 9èm ane yo ak fanmi yo pandan evènman sa a yo fè yon RSTA Tech Expo pou tout moun. Nan Tech Expo a, pwofesè ak elèv RSTA yo fè vizit enfòmasyonèl klas RSTA yo, laboratwa, ak boutik RSTA yo, ekspoze/demontre travay ki fèt nan chak pwogram, epi rankontre elèv ki pral antre yo pou reponn kesyon epi eksplike opsyon ak pwogram yo.

Lyezon Fanmi Upper School la pataje enfòmasyon sou evènman sa yo ak paran, gadyen, ak fanmi tout elèv klas 8èm ane yo nan lang yo plis pale lakay yo a.

Rindge School of Technical Arts la ofri vizit etablisman li yo a aplikan ki enterese. Pou mande yon vizit, tanpri rele Biwo RSTA a nan (617) 349-7782 oswa Lyezon Fanmi CRLS la nan (617) 349-6660. Si lè yo te dakò pou yon vizit fèt pandan jounen lekòl aplikan an, Biwo RSTA pral bay lekòl aplikan an yon konfimasyon ke aplikan an te ale nan yon vizit pandan tan sa a. Tou sa yo ka **pa** dwe konte kòm absans san eskiz pa distrik k ap voye yo.

VI. PWOSESIS POU ENSKRI NAN KOU AK PWOGRAM RSTA YO (pou elèv rezidan Cambridge)

PWOSESIS POU TOUT ENSKRIPSYON OTÒN POU NEVYÈM, DIZYÈM, ONZYÈM, OSWA DOUZYÈM ANE

1. Elèv ki enterese pou enskri nan kou Rindge School of Technical Arts ofri yo pou kou otòn pou elèv klas 9èm, 10èm, 11èm, oswa 12èm ane yo dwe:

Konplete pwosesis seleksyon kou a jan Konseye Pedagojik yo prezante li ba yo.

ELÈV TRANSFÈ

Elèv ki deja enskri nan yon pwogram Chapit 74 Eta a apwouve nan yon lòt lekòl ka aplike pou admisyon nan Rindge School of Technical Arts. Tanpri kontakte Biwo RSTA a nan (617) 349-7782 pou nenpòt kesyon oswa pou mande yon fòm aplikasyon.

VII. PWOSESIS SELEKSYON (pou Elèv Cambridge)

Lè plis elèv Cambridge mande enskripsyon nan yon kou CTE Rindge School of Technical Arts ofri pase gen plas ki disponib, Rindge School of Technical Arts itilize sistèm sa a pou chwazi elèv pou enskripsyon:

1. Dapre politik sa a, nenpòt elèv rezidan Cambridge ki satisfè kondisyon *minimòm pou enskripsyon* yo dwe enskri nan yon kou Chapit 74 CTE obligatwa anvan yo aksepte nenpòt elèv ki pa rezidan Cambridge k ap chèche enskri nan menm kou a. *Kondisyon minimòm yo pou admisyon se:* elèv la te monte nan yon klas ki kalifye pou kou yo mande a (jan yo afiche nan Katalòg kou CRLS la); elèv la satisfè tout kondisyon, si genyen, pou kou a; epi elèv la pa te deja pase kou a.
2. Nan sezon prentan an, lè tout elèv rezidan Cambridge yo te fini seleksyon kou yo pou ane k ap vini an, seleksyon yo antre nan yon charrette orè ki idantifye konfli potansyèl kou/peryòd, omisyon obligatwa pou gradyasyon, oswa lòt iregilarite.
3. Yon fwa konfli yo ak nenpòt lòt pwoblèm orè te rezoud, elèv rezidan yo enskri nan kou yo mande yo, ki enkli kou CTE yo, depi kantite plas ki disponib yo egal oswa plis pase kantite demann elèv yo. Sa a se yon pwosesis ki pa selektif.
4. Sepandan, si gen youn oswa plizyè ka kote kantite demann elèv rezidan yo pou yon kou CTE bay depase kantite plas ki disponib nan kou sa a, tout demann elèv rezidan yo pou enskripsyon nan kou sa a vin sijè a yon tiraj lotri.
5. Komite Admisyon an aplike yon lotri pou elèv ki abite Cambridge sa yo ki te mande enskripsyon epi ki satisfè kondisyon minimòm yo.
6. Tout elèv k ap tann enskripsyon pou yon kou CTE an patikilye yo nan lis epi chak elèv ki nan lis la antre nan yon lotri oaza ki fèt pa Komite Admisyon an. Komite Admisyon an chwazi non yon elèv aplikan alafwa epi yo mete non yo nan yon lis nan lòd yo chwazi kòm enskri jiskaske tout non

aplikan yo tire epi yo ranpli tout plas yo. Non yo tire apre yo fin ranpli chèz yo epi yo mete nan lòd yo tire yo a sou Lis Datant.

- Si yo chwazi yon elèv pou enskripsyon oswa yo chwazi li pou lis datant pou kou sa a, epi pita yo detèmine li pa satisfè kalifikasyon minimòm pou enskripsyon an, lè sa a yo retire elèv sa a nan lis enskripsyon an oswa lis datant lan. Lè yon elèv chwazi refize òf enskripsyon an oswa otreman pa enskri nan kou sa a, elèv ki gen pozisyon ki pi wo nan lis datant lan alò enskri. Si enskripsyon an toujou pa ranpli epi plas la rete disponib, yo ofri enskripsyon an bay pwochen elèv ki pi wo a nan lis datant sa a, epi konsa jiskaske tout plas ki disponib yo ranpli oswa lis datant la fin epize.

VIII. PWOSESIS APLIKASYON (pou elèv ki pa abite Cambridge)

PWOSESIS APLIKASYON POU ADMISYON OTÒN NAN KLAS NEVYÈM, DIZYÈM, AK ONZYÈM ANE

- Elèv Non-rezidan Cambridge ki enterese aplike pou admisyon nan CRLS nan bi pou yo enskri nan yon kou oswa yon pwogram Chapit 74 apwouve nan Rindge School of Technical Arts pou admisyon otòn nan klas 9èm, 10èm, oswa 11èm ane yo dwe:

Jwenn yon Aplikasyon pou Admisyon Chapit 74 pou Non-Rezidan, ranpli li ak tout enfòmasyon ak dokiman ki nesèsè yo, epi soumèt li bay Direktè RSTA a pa pita ke 15 Mas nan ane kalandriye elèv la vle enskri a.

Jwenn epi ranpli yon aplikasyon Sipè-entandan distri rezidans elèv la te siyen pou moun ki pa rezidan yo, epi soumèt li bay Direktè RSTA a pa pita ke 1ye avril nan ane kalandriye elèv la vle enskri a.

Elèv ak/oswa fanmi yo ki bezwen tradiksyon oswa lòt aranjman pou ranpli aplikasyon yo ta dwe kontakte Biwo RSTA a nan (617) 349-7782.

- Se responsablite konseye lekòl ki ap voye a (oswa lòt pèsonèl lekòl la, si sa aplikab) pou voye tout materyèl sipò yo bay RSTA:

Tout materyèl pou sipòte yon aplikasyon admisyon pou elèv ki pa abite Cambridge yo ta dwe delivre bay Direktè Egzekitif la, Rindge School of Technical Arts CRLS, 459 Broadway, Cambridge, MA 02138 pa pita pase 15 mas.

APLIKASYON AN RETA

Rindge School of Technical Arts pa pral aksepte aplikasyon yo ki an reta.

ELÈV TRANSFÈ

Elèv ki deja enskri nan yon pwogram Chapit 74 Eta a apwouve nan yon lòt lekòl ka aplike pou admisyon nan Rindge School of Technical Arts. Tanpri kontakte Biwo RSTA a nan (617) 349-7782 pou nenpòt kesyon oswa pou mande yon fòm aplikasyon.

IX. PWOSESIS SELEKSYON (pou elèv ki pa rezidan Cambridge)

Lè yon elèv ki pa rezidan Cambridge aplike pou Admisyon nan Cambridge Rindge & Latin School nan bi pou li enskri nan yon Pwogram Edikatif Karyè ak Teknik nan Rindge School of Technical Arts, pwosesis sa a itilize pou chwazi elèv pou admisyon:

1. Admisyon yon non-rezidan Cambridge nan CRLS depann de detèminasyon Direktè CRLS la ke enskripsyon total CRLS la pa rive nan kapasite maksimòm, AK detèminasyon Direktè RSTA a ke gen yon plas disponib nan kou CTE yo mande a.
2. Dapre règleman sa a, yon elèv ki pa rezidan Cambridge ki satisfè kondisyon *minimòm pou enskripsyon* an yo pral pèmèt yo aplike pou admisyon kòm yon etidyan aprentan nan CRLS nan bi pou li enskri nan yon pwogram CTE espesifik oswa yon kou etid, eksepte ke yo pa pral admèt okenn elèv ki pa rezidan nan yon kou yo mande anvan yo aksepte nenpòt elèv rezidan Cambridge k ap chèche enskri nan menm kou a. *Kondisyon minimòm pou admisyon se:* elèv la te monte nan yon klas ki kalifye pou kou yo mande a (jan yo afiche nan Katalòg kou CRLS la); elèv la satisfè tout kondisyon yo, si genyen, pou kou a; epi elèv la pa te deja pase kou a.
3. Tout demann elèv non-rezidan Cambridge pou enskripsyon nan yon kou CTE sijè a Kritè Seleksyon non-rezidan.
4. Se Komite Admisyon an ki aplike Kritè Seleksyon non-rezidan yo pou tout elèv non-rezidan yo ki te mande enskripsyon epi ki satisfè kondisyon minimòm yo. Materyèl aplikasyon chak elèv -non rezidan yo note epi anrejistre.
5. Enskripsyon nan kou CTE yo mande a ofri a yon elèv non-rezidan ki, dapre Komite Admisyon an, demontre ase enterè, motivasyon, ak yon istwa siksè nan lekòl ki koresponn ak elèv rezidan Cambridge yo nan kou sa a.
6. Yo mete elèv non-rezidan Cambridge yo ke yo pa t chwazi pou enskripsyon nan yon lis datant ki klase pou klas sa a, sof si yo detèmine ke yon elèv pa satisfè kalifikasyon minimòm nan – yo retire elèv sa a nan lis datant lan. Lè yon elèv yo te chwazi refize òf pou enskripsyon nan kou sa a, elèv ki gen pi gwo nòt nan lis datant lan konsa jwenn òf admisyon. Si enskripsyon an refize epi plas la toujou rete disponib, yo ofri enskripsyon an bay pwochen elèv ki gen nòt pi wo a nan lis datant sa a, epi konsa jiskaske tout plas ki disponib yo fin ranpli oswa lis datant la fin epize.
7. Kritè seleksyon pou elèv non-rezidan yo se:

a. **Aliyman pwen fò yo pou envantè enterè karyè** (Holland Codes) ak tip konpetans ak kapasite yo jwenn anjeneral nan travayè ki gen siksè nan kou yo mande a oswa domèn karyè a.

b. **Fòs motivasyon** ekspri oswa enterè pou angaje nan plis eksplorasyon nan domèn karyè yo mande a, jan sa evidan pa **yon rekòmandasyon detaye** yon pwofesè eksploratwa nan domèn sa a, konseye pedagogik elèv la, yon manm fanmi lakay elèv la, yon moun ki travay nan domèn karyè yo mande a EPI ki konnen enterè elèv la demontre, oswa yon edikatè ki konnen elèv la pandan yon ane oswa plis.

c. **Fòs motivasyon** ekspri oswa enterè pou angaje nan plis eksplorasyon nan domèn karyè yo mande a, jan sa pwouve pa yon demonstrasyon alekri oswa otreman pale **pa aplikan an** sou aspirasyon karyè ak enterè nan domèn karyè a. Egzanp: yon deklarasyon enterè alekri oswa yon entèvyou ak yon edikatè CRLS/RSTA, ki adrese kesyon an: Poukisa ou vle aprann plis sou domèn karyè sa a oswa pou vin travay nan domèn karyè sa a?

d. **Konesans ak/oswa konpetans demontre** dirèkteman lye ak eksplorasyon prekòs oswa eksperyans ak aktivite nan domèn karyè yo mande a, ki endike motivasyon, enterè, ak/oswa metriz konpetans yo nan domèn karyè yo mande a.

e. Nan ka kote elèv aplikan an te angaje nan yon konduit ki merite sispansyon oswa ekspilsyon yo te enpoze dapre MGL c.71 ss37H oswa ss37H_{1/2}/ oswa pou ki sispansyon oswa ekspilsyon pou plis pase 10 jou te enpoze dapre MGL c71 ss37H_{3/4}, Komite Admisyon an ka konsidere yon aksyon konsa kòm yon evènman diskalifikasyon epi refize enskripsyon an

X. PWOGRAM EKSPLOLATWA

Paske Rindge School of Technical Arts (RSTA) ofri plis pase 5 pwogram Chapit 74 DESE apwouve, nou bay yon pwogram eksploratwa demi ane, ki baze sou Edikasyon Karyè ak Teknik (CTE) ki aplikab ak Kad Kourikoulòm Massachusetts.

Nosyon debaz: RSTA ofri douz diferan pwogram ki fè pati CRLS epi ke Depatman Edikasyon Elemantè ak Segondè Massachusetts la (DESE) apwouve kòm pwogram Chapit 74 (CTE).

Eksploratwa se pou elèv klas 9èm ane SÈLMAN, epi li pwograme pandan Blòk 2 epi SÈLMAN pandan semès Otòn nan.

Atant pou elèv: Anplis elèv ki rive nan klas alè, patisipe nan tout aktivite pedagogik, suiv tout enstriksyon sekirite, epi fè tout sa yo tout efò yo nan tout devwa ak aktivite, nou gen twa Objektif Aprantisaj Elèv pou tout elèv Exploratwa, ki endike anba a.

Nan fen Eksplorasyon an, Elèv yo pral kapab ...
1. Demontre yon nivo elve konsyans pwòp tèt yo (ki enkli atribi/fòs mantal ak fizik), atitid anvè aprantisaj ak planifikasyon, ak rekonesans enterè pèsònèl yo nan sa ki gen pou wè ak potansyèl karyè yo alavni;
2. Demontre konesans nan chak pwogram RSTA ke yo eksperimante nan Exploratwa nan idantifye 3 karakteristik chak pwofesyon/domèn karyè ak omwen yon konpetans ki nesèsè pou siksè nan domèn sa a; epi
3. Idantifye omwen yon karakteristik pèsònèl/konpetans/ atribi ki se yon "aliyman" pozitif ak yon pwogram/karyè yo enterese nan li, epi omwen yon defi yo ka konfwonte ak siksè nan reyalize yon karyè nan pwogram sa a.

Konsantrasyon kle kou sa a se ede elèv yo kòmanse reflechi sou epi planifye avni yo, sa nou kwè pral enkli travay ki ta dwe "aliyen" byen ak konpetans, kapasite, enklinasyon, ak aspirasyon yon jèn moun. Pifò elèv klas 9èm ane yo pa t tèlman reflechi sou lide sa a...Eksploratwa mande yo pou reflechi sou avni yo nan fason ki enkli bay enfòmasyon aktyèl sou kèk nan domèn okipasyonèl ki pi komen epi nan pèmèt elèv yo "eseye" kèk nan bagay moun aktyèlman fè nan domèn sa yo. Elèv ki nan Exploratwa yo aprann sou sekirite nan espas travay espesifik pou endistri nan chak boutik ak laboratwa kote yo ale, pakou ak

egzijans nan matyè edikasyon/lisans pou pifò okipasyon nan chak domèn etid, previzyon travay rejyonal ak kantite konpansasyon pou chak okipasyon yo etidye, ak kijan pou fè kèk nan travay debaz ki lye ak chak pwogram. Yo bay elèv yo nòt sou Preparasyon, Sekirite, Patisipasyon, ak Kalite Travay.

Enskripsyon nan Exploratwa, menm lè li ankouraje, se pa yon kondisyon pou kalifikasyon pou enskri nan yon kou oswa yon Pwogram Entwodiksyon CTE Nivo 1.

XI. PWOSESIS REVIZYON AK APÈL

ADMISYON NAN/ENROLMAN NAN CRLS/Rindge School of Technical Arts

Si CRLS pa aksepte yon aplikan, oswa si yo mete yon elèv sou yon lis datant, aplikan an oswa paran/gadyen yo ka mande pou Direktè Rindge School of Technical Arts la revize desizyon sa a nan 10 jou. Demann sa yo ka fèt nan fason sa yo:

Pa imel	Pa lapòs sou papye oswa livrezon nan men
mananis@cpsd.us	RSTA/Cambridge Rindge & Latin School 459 Broadway Cambridge, MA 02138

Direktè RSTA a pral reponn a demann pou revizyon sa yo alekri epi li pral endike si desizyon pou refize admisyon elèv la, oswa lis datant elèv la ap kenbe oswa si yo pral anile. Lè w ap fè detèminasyon sa a, Direktè RSTA a pral revize enfòmasyon sa yo:

Enskripsyon total CRLS parapò ak kapasite

Demann enskripsyon

Plas ki disponib nan Ch. 74 kou yo ki konsène

Materyèl aplikasyon elèv ki pa rezidan yo

XII. ANTRETYEN DOSYE

Rindge School of Technical Arts kenbe dosye tout elèv ki aplike, ki enskri, oswa ki sou lis datant, ansanm ak nòt yo sou kritè admisyon (si yo itilize), pou fasilite analiz sistèm admisyon li a ak konfòmite ak lwa ak règleman ki aplikab yo. Rindge School of Technical Arts pral bay Depatman an enfòmasyon sa yo sou demann.

Anèks

- A. Fòm aplikasyon pou Non-rezidan Cambridge
- B. Chapit 74 Aplikasyon pou ekolaj pou non-rezidan
- C. Ribrik Nòt pou materyèl Aplikasyon pou Admisyon (Non-rezidan)

Anèks A – Fòm Aplikasyon pou Non-rezidan

FÒM APLIKASYON ADMISYON pou Non-Rezidan
Rindge School of Technical Arts nan Cambridge Rindge & Latin School

459 Broadway Cambridge, MA 02138-4198 Telefòn (617) 349-7782 FAK (617) 349-6770

Cambridge Public Schools enskri elèv yo epi mete disponib pou yo avantaj, privilèj, ak kou etid li yo san yo pa konsidere ras, koulè, sèks, idantite sèks, relijyon, orijin nasyonal, oryantasyon seksyèl, andikap, oswa sitiyaasyon sanzabri.

Cambridge Public Schools te pibliye yon Règleman Admisyon pou Pwogram Edikasyon Teknik Karyè nan Rindge School of Technical Arts nan Cambridge Rindge and Latin School ki disponib pou tout aplikan ak paran /gadyen nan kad pwosesis admisyon an. Règleman an bay kritè admisyon yo, ansanm ak yon deskripsyon tout pwosesis admisyon an, epi li disponib sou entènèt nan <http://rsta.cpsd.us> & ale nan "About RSTA" oswa demann nan biwo RSTA oswa nan kontakte Direktè RSTA a nan (617) 349-7782.

Elèv ki pa abite nan Cambridge dwe dabò enfòmè direktè lekòl (lakay yo a) ki voye yo a sou entansyon yo pou aplike pou admisyon nan yon pwogram RSTA. Rive 15 mas nan ane kalandriye elèv la gen entansyon enskri a, fòm aplikasyon sa a dwe ranpli epi soumèt bay Direktè Egzekitif Rindge School of Technical Arts la. Anplis fòm aplikasyon sa a, aplikan an dwe soumèt yon kopi relve nòt ofisyèl la bay yon ofisyèl apwopriye (anjeneral Direktè a, Asistan Direktè a, oswa Konseye Pedagojik) lekòl k ap voye li a.

montre mwayèn kimilatif ane lekòl anvan an ak 1e ak 2èm trimès nan ane lekòl aktyèl la nan klas lang angle, matematik, syans sosyal, ak syans; sòm absans san eskiz yo nan ane lekòl anvan an ak 1e ak 2èm trimès nan ane aktyèl la; epi, evalyasyon konduit elèv la nan ane lekòl anvan an ak 1e ak 2èm trimès nan ane lekòl aktyèl la. Yon Fòm Rekòmandasyon pou Admisyon, yon konseye lekòl la ranpli, dwe enkli tou ak materyèl aplikasyon an.
APLIKASYON VALID POU ANE LEKÒL LI FÈT LA.

SEKSYON POU APLIKAN

Non aplikan: Siyati:

Prenon:

Dezyèm Prenon:

Adrès Kay: Ri ak Nimewo:

Vil/Minisipalite:

Eta: Kòd Postal:

Nimewo Telefòn:

Pwogram CTE:

Lekòl Aktyèl:

Non Konseye Pedagojik Aktyèl:

SEKSYON Pou PARAN/GADYEN

Non Paran/Gadyen: Siyati:

Prenon:

Dezyèm Prenon::

Adrès Kay: Ri ak Nimewo:

Vil/Minisipalite:

Eta: Kòd Postal:

Nimewo Telefòn:

Nimewo Telefòn Travay:

Imel Lakay: Imel Travay:

SEKSYON POU LEKÒL K AP VOYE A

Tanpri soumèt relve nòt yo, prezans, ak disiplin/konduit jan Règleman Admisyon Rindge School of Technical Arts la mande li a. Anplis, yon konseye lekòl dwe soumèt yon rekòmandasyon pou aplikan sa a nan itilize Fòm Rekòmandasyon Admisyon an. Rindge School of Technical Arts bay fòm sa a, ansanm ak Règleman Admisyon Rindge School of Technical Arts.

Non Ofisyèl Lekòl: _____ Nimewo Telefòn: _____

Mwen pral soumèt enfòmasyon yo mande yo rive 15 mas. Wi ___ Non ___ Si non, tanpri eksplike.

SEKSYON SIYATI

Deklarasyon ak enfòmasyon moun ki siyen anba a bay nan fòm aplikasyon sa a vre epi konplè.

Paran (yo)/gadyen (yo) aplikan ki siyen anba a bay pèmisyon pou reprezantan lekòl k ap voye a pou divilge dosye aplikan an ki enkli nòt ak prezans yo jan Rindge School of Technical Arts la mande li a pou rezon admisyon.

APLIKASYON SA A SE POU ANE LEKÒL: _____

Siyati nou yo sètifye ke nou te li epi dakò ak deklarasyon ki anlè yo.

Siyati Elèv

Dat:

Siyati Paran/Responsab

Dat:

Siyati Konseye Pedagojik Aktyèl

Dat:

SEKSYON ENFÒMASYON VOLONTÈ SOU EGALITE NAN OPÒTINITE EDIKATIF

Enfòmasyon yo mande nan seksyon sa a pa obligatwa pou admisyon. Soumisyon enfòmasyon an totalman volontè. Enfòmasyon aplikan an soumèt volontèman pa pral afekte admisyon aplikan an nan lekòl la.

Enfòmasyon yo, si yo bay yo, dwe itilize pou kontwole egalite nan opòtinite edikatif nan distri lekòl la, ak nan ka andikap ak estati elèv k ap aprann lang angle, pou bay aplikan an aranjman ak sèvis entèpretasyon si li mande sa. Aplikan yo ki gen andikap ka volontèman idantifye tèt yo nan bi pou mande aranjman rezonab pandan tout pwosesis aplikasyon ak admisyon an. Aplikan yo k ap aprann lang angle ka volontèman idantifye tèt yo nan bi pou yo resevwa sèvis entèpretasyon pandan tout pwosesis aplikasyon an ak admisyon an.

Idantifikasyon sèks: ___ Fi ___ Gason

Rasyal/etnik: ___ Nwa ___ Panyòl/(Latino/a) ___ Azyatik oswa Zile Pasifik ___ Blan ___ Ameriken Endijèn

Moun ki gen yon Andikap: ___ Wi ___ Non Si wi, èske w bezwen aranjman pandan pwosesis aplikasyon pou admisyon an? ___ Wi Non

Si wi, tanpri dekri aranjman yo ou bezwen yo.

Moun ki se youn k ap aprann lang angle: __Wi Si wi, èske w bezwen èd nan lang pandan pwosesis aplikasyon pou admisyon an? __Wi __Non Si wi, tanpri dekri asistans ou bezwen an.

FÒM REKÒMANDASYON ADMISYON pou Elèv Non-rezidan

Enstriksyon pou konseye Lekòl k ap voye a oswa lòt edikatè: Fòm sa a dwe itilize pa yon ofisyèl apwopriye nan lekòl k ap voye a pou chak aplikan pou admisyon nan Rindge School of Technical Arts la (RSTA) nan Cambridge Rindge and Latin School. Dapre Règleman Admisyon RSTA a, yon total 25 pwen maksimòm ka bay a yon aplikan, sou yon baz repons kimilatif nan senk kesyon ki anba yo, nan fason sa a:

Pwen nan Evalyasyon: Ekselan 5, Siperyè a Mwayèn 4, Mwayèn 3, Enferyè a Mwayèn 2 oswa 1, fèb 0

1. Dapre oumenm, ki nivo benefis ou kwè ke aplikan an pral resevwa nan yon karyè ak edikasyon teknik nan RSTA?

Anpil Benefis _____ (5), Benefis Siperyè a Mwayèn _____ (4), Benefis Mwayen _____ (3), Benefis Enferyè a Mwayèn _____ (2,1), (Okenn Benefis) _____(0).

Kòmantè:

2. Dapre oumenm, ki nivo enterè ou kwè aplikan an genyen pou omwen yon domèn (pwogram Career & Technical Education) nan RSTA?

Enterè Fò _____ (5), Enterè Siperyè a Mwayèn _____ (4), Enterè Mwayen _____ (3), Enterè Enferyè a Mwayèn _____ (2,1), (Okenn Enterè) _____(0).

Kòmantè:

3. (Si yon envantè enterè karyè abouti nan yon rapò sou Holland Codes aplikan sa a, tanpri bay yon rezime rezilta yo ki enkli Holland Codes nan seksyon kòmantè a oswa atache yon kopi rezilta yo.)

Dapre oumenm, ki nivo aliyman ki genyen ant objektif karyè aplikan an ak karyè ak edikasyon teknik li ta resevwa nan RSTA?

Aliyman Fò ak yon domèn pwofesyonèl ak teknik _____(5), Aliyman Siperyè a mwayèn ak yon domèn edikasyon pwofesyonèl ak teknik _____(4), Aliyman mwayen ak yon domèn pwofesyonèl ak teknik _____(3), Aliyman enferyè a mwayèn ak yon pwofesyonèl ak teknik _____(2) ,1), Okenn aliyman ak yon pwofesyonèl ak teknik _____(0).

Kòmantè:

4. Dapre oumenm, kijan paran/gadyen/fanmi aplikan an bay sipò pou aplikan an ale nan RSTA?

Sipò fò _____(5), Sipò Siperyè a Mwayèn _____(4), Sipò Mwayen _____(3), Sipò Enferyè a Mwayèn _____(2,1), Sipò Fèb (Okenn sipò) _____(0).

Kòmantè:

5. Dapre oumenm, nan ki pwen aplikan an motive pou l fè travay lekòl la ki enkli akademik ak atelye edikasyon pwofesyonèl teknik/travay laboratwa?

Motivasyon Fò ____ (5), Motivasyon Siperyè a mwayèn ____ (4), Motivasyon mwayen ____ (3),
Motivasyon Enferyè a Mwayèn ____ (2,1), Motivasyon Fèb (Okenn Motivasyon) ____ (0).

Kòmantè:

Non aplikan an _____ Lekòl k ap Voye: _____

Pwen Total: _____ (25 max.) Non Edikatè Lekòl k ap Voye a: _____

Imel edikatè lekòl k ap voye a: _____

Dat: _____ Telefòn Edikatè Lekòl k ap voye a: _____

FÒM REKÒMANDASYON ADMISYON pou Plasman nan Pwogram RSTA CTE

Enstriksyon pou Konseye Lekòl la: Fòm sa a dwe itilize pa yon ofisyèl apwopriye nan lekòl elèv la pou chak aplikan pou plasman nan premye ane nan yon Pwogram RSTA CVTE. Dapre Règleman Admisyon RSTA a, yon total 25 pwen maksimòm yo ka bay yon aplikan, sou yon baz repons kimilatif nan senk kesyon ki anba yo, nan fason sa a:

Pwen Evalyasyon sou chak kesyon: Ekselan 5, Siperyè a Mwayèn 4, Mwayèn 3, Enferyè a Mwayèn 2 oswa 1, Fèb 0
Ekselan 5, Siperyè a Mwayèn 4, Mwayèn 3, Enferyè a Mwayèn 2 oswa 1, fèb 0

1. Dapre oumenm, ki nivo benefis ou kwè ke elèv sa a pral resevwa nan Pwogram RSTA CVTE sa a?

Anpil Benefis ____ (5), Benefis Siperyè a Mwayèn ____ (4), Benefis Mwayen ____ (3),
Benefis enferyè a Mwayèn ____ (2,1), (Okenn Benefis) ____ (0).

Kòmantè:

2. Dapre oumenm, ki nivo enterè ou kwè elèv sa a genyen pou Pwogram RSTA CVTE sa a?

Enterè Fò ____ (5), Enterè Siperyè a Mwayèn ____ (4), Enterè Mwayen ____ (3),
Enterè Enferyè a Mwayèn ____ (2,1), (Okenn Enterè) ____ (0).

Kòmantè:

3. Dapre oumenm, ki nivo aliyman ki genyen ant objektif karyè elèv sa a ak karyè ak edikasyon teknik li ta resevwa nan Pwogram RSTA CVTE sa a?

Aliyman Fò ak pwogram sa a ____ (5) Aliyman Siperyè a Mwayèn ak pwogram sa a ____ (4)
Aliyman mwayen ak pwogram sa a ____ (3) Aliyman enferyè a mwayèn ak pwogram sa a ____ (2,1)
Okenn aliyman ak pwogram sa a ____ (0)

Kòmantè:

4. Dapre oumenm, nan ki pwen paran/gadyen/fanmi elèv sa a bay sipò konsènan enskripsyon li nan Pwogram RSTA sa a?

Sipò fò _____ (5) Sipò Siperyè a mwayèn _____ (4) Sipò mwayen _____ (3)

Sipò Siperyè a mwayèn _____ (2,1) Sipò Fèb (Okenn sipò) _____ (0)

Kòmantè:

5. Dapre oumen, ki jan elèv sa a motive pou l fè travay akademik ki enkli akademik ak karyè/edikasyon teknik pwofesyonèl/travay laboratwa nan Pwogram CVTE sa a? Enterè Elve _____ (20) Enterè Siperyè a Mwayèn _____ (15) Enterè Mwayen _____ (10) Enterè Enferyè a Mwayèn _____ (5) Enterè Fèb (Okenn Enterè) _____ (0)

Kòmantè:

Non Elèv _____ Pwogram CVTE: _____

Pwen Total: _____ (5 max.) Non Konseye Lekòl: _____

Dat: _____ Telefòn Konseye Lekòl: _____

Anèks B: CHAPIT 74 EDIKASYON TEKNIK PWOFEYONÈL APLIKASYON POU EKOLAJ POU NON-REZIDAN

Rive 15 MAS - Distri akèy la dwe resevwa li pou konplete Pati I ak Pati II yo
Rive 1e AVRIL - Yo dwe ale bay Distri Rezidans lan pou Konplete Pati III a

REMAK: APWOBASYON APLIKASYON SA A PA GARANTI ADMISYON NAN LEKÒL K AP RESEVWA A.

PATI I: (POU RANPLI PA DISTRIK AKÈY LA, ELÈV AK PARAN/GADYEN)				
Ane Lekòl	Klas li pral Antre a	Pwogram (Tit Eta a ak Kòd CIP)	Dire Pwogram	Estimasyon Ekolaj Anyèl
	Siyati Aplikan an		Prenon	Inisyal 2èm Prenon
	Adrès Ri aplikan an		Vil/Minisipalite/Kòd Postal	Nimewo Telefòn
	Non Distri Akèy		Moun pou Kontakte nan Distri Akèy	Nimewo Telefòn
SI APLIKAN AN GEN MWENS KE 18 AN:				
	Siyati Paran/Gadyen ki bay Konsantman		Prenon	Inisyal 2èm Prenon
	Adrès Ri Paran/Gadyen ki bay Konsantman		Vil/Minisipalite/Kòd Postal	Nimewo Telefòn
	Siyati paran/gadyen ki bay konsantman			Dat

PATI II: (DWE RANPLI PA DISTRIK AKÈY LA)

Estatik aplikasyon elèv la pou admisyon nan lekòl la:

Aksepté Sou yon Lis Datant Pa Aksepté Aplikasyon an toujou nan revizyon

Menm pwogram Chapit 74 sa a ki idantifye nan aplikasyon sa a pa disponib nan distri rezidans elèv la. Si Chapit 74 la oswa pwogram eksploratwa disponib nan distri rezidans lan, elèv la pa kapab admèt nan distri akèy la atravè Pwogram Ekolaj pou Elèv Non-rezidan Chapit 74 la. Sepandan, yon elèv ka aplike pou admisyon non-rezidan nan objektif pou li eksplòre pwogram agrikilti espesyalize ak resous natirèl ki pa disponib nan distri rezidans elèv la.

Yo te enfòmè paran/gadyen an ak elèv la ke yon chanjman nan distri rezidans oswa yon chanjman nan pwogram pral mande pou soumèt yon nouvo **Chapit 74 Pwogram Edikasyon Teknik Pwofesyonèl Aplikasyon pou Elèv Non-Rezidan.**

Non & Tit

Siyati Sipè-entandan nan Distri Akèy la
(oswa reprezantan li)

Dat

PATI III: (DWE RANPLI PA DISTRIK REZIDANS LAN)

Apwouve

Pa Apwouve

Si Pa Apwouve, Bay Rezon:

Non & Tit

Siyati Sipè-entandan nan Distri Rezidans lan

Dat

PATI IV: DWE RANPLI PA DEPATMAN EDIKASYON ELEMANTÈ AK SEKONDÈ SI YON PARAN/GADYEN KI AP MANDE YON REVIZYON REFI EKOLAJ NO- REZIDAN.

Desizyon:

Enstriksyon

Direktiv Depatman Edikasyon Elemantè ak Segondè a pou Pwosesis Ekolaj pou Elèv NON-Rezidan nan Pwogram Edikasyon Teknik Pwofesyonèl Daprè MGL c. 74 yo disponib nan <http://www.doe.mass.edu/cte/admissions/>. Direktiv yo bay enfòmasyon enpòtan sou pwosesis ekolaj pou non-rezidan yo epi konsa yo ta dwe revize.

Aplikasyon sa a dwe ranpli pou yon elèv ki te admèt, oswa ke y ap konsidere pou admisyon, nan yon pwogram edikasyon teknik pwofesyonèl espesifik Chapit 74 la apwouve andeyò distri rezidans li pou ki vil oswa minisipalite rezidans li a ka oblije peye ekolaj. Lis ofisyèl pwogram edikasyon teknik pwofesyonèl Chapit 74 la apwouve yo nan Anyè Pwogram Edikasyon teknik pwofesyonèl Chapit 74 la ki disponib nan <http://www.doe.mass.edu/cte/programs/>.

Sonje ke apwobasyon oswa dezapwobasyon nan Chapit 74 Pwogram Edikasyon Teknik Pwofesyonèl Aplikasyon pou Elèv Non-Rezidan an separe ak akseptasyon/non-akseptasyon yon elèv nan yon lekòl atravè règleman admisyon lekòl la. Yon apwobasyon pou ekolaj non-rezidan an vin nil ak vid si yo pa aksepte elèv la nan lekòl akèy la.

PATI I ta dwe ranpli pa elèv la ak paran/gadyen elèv la epi soumèt li bay distri akèy la **rive 15 mas** nan ane anvan an. Si elèv la poko gen 18 an paran/gadyen li yo dwe siyen. Yon manm pèsònèl nan lekòl akèy la ta dwe disponib pou ede fanmi yo ranpli Pati 1 aplikasyon an. Fòm nan dwe idantifye pwogram nan dapre tit Chapit 74 apwouve li a, pa dapre tit kou distri a bay la. Yo dwe idantifye pwogram espesifik nan gwoup agrikilti ak resous natirèl yo.

PATI II dwe ranpli pa distri akèy la epi sipè-entandan distri akèy la (oswa moun li deziyen an) ki endike a) estati aplikasyon elèv la pou admisyon an, b) si pwogram Chapit 74 li t ap chèche a disponib/pa disponib nan distri rezidans elèv la, epi c) yo te enfòmè paran/gadyen an ak elèv la ke yon chanjman nan pwogram Chapit 74 pa yon elèv non-rezidan pral mande pou soumèt yon nouvo *Chapit 74 Pwogram Edikasyon Teknik Pwofesyonèl Aplikasyon pou Elèv Non-Rezidan*. *Chapit 74 Pwogram Edikasyon Teknik Pwofesyonèl Aplikasyon an pou Elèv Non-Rezidan ta dwe bay aplikan an/paran/gadyen enstriksyon pou bay sipè-entandan distri rezidans lan pa pita pase 1 avril nan ane lekòl anvan an. **Remak:** Si Chapit 74 la oswa pwogram eksploratwa a disponib nan distri rezidans lan, elèv la pa ka admèt nan distri akèy la atravè Pwogram Ekolaj pou Elèv Non-rezidan Chapit 74 la. Sepandan, yon elèv ka aplike pou admisyon non-rezidan nan objektif pou li eksplòre pwogram agrikilti espesyalize ak resous natirèl ki pa disponib nan distri rezidans elèv la.*

PATI III dwe ranpli pa sipè-entandan distri rezidans lan ki endike aklè apwobasyon oswa dezapwobasyon. Si aplikasyon an pa apwouve, rezon pou dezapwobasyon an dwe endike aklè. Yo dwe retounen aplikasyon an bay distri akèy la ak paran/gadyen an **nan 10 jou ouvrab**.

Dezapwobasyon Pwogram Edikasyon Teknik Pwofesyonèl Chapit 74 la Aplikasyon pou Elèv Non-Rezidan yo

Paran oswa gadyen elèv non-rezidan an ka mande Depatman an revize dezapwobasyon an. Demann pou yon revizyon ak nenpòt dokiman sipò dwe soumèt alekri bay Depatman an pa pita ke 1e me. Desizyon Komisyonè a pral final. Nan pran desizyon li an, Komisyonè a ka konsidere disponiblite yon pwogram konparab ki pi pre rezidans elèv non-rezidan an, si distri rezidans lan te deziyen yon lekòl preferans epi si depans pou bay transpò pou elèv non-rezidan an ta plis pase montan mwayen distri a te depanse pou chak elèv nan ane anvan an pou transpò pou non-rezidan yo.

Distri rezidans lan ak distri akèy la ka oblije bay Depatman an plis enfòmasyon. Depatman an pral revize aplikasyon konteste a epi pral tranche sou revizyon an **nan dis jou ouvrab** apre li resevwa demann pou yon revizyon a kondisyon li resevwa tout enfòmasyon yo mande yo. Depatman an ka pwolonje revizyon an pou yon peryòd rezonab pou li ka jwenn plis enfòmasyon. Depatman an pral retounen kopi aplikasyon an ak desizyon an bay pati ki voye li a, ki enkli distri akèy la ak distri rezidans lan.

Apwobasyon Aplikasyon pou Elèv Non-Rezidan Pwogram Edikasyon Teknik Pwofesyonèl Chapit 74 la

Si yo apwouve aplikasyon an, epi yo admèt elèv la, vil oswa minisipalite rezidans elèv la pral responsab pou peman ekolaj la jan sa prevwa nan MGL c. 74, seksyon 7C. Distri yo dwe kenbe kopi aplikasyon non-rezidan ki apwouve yo nan dosye epi fè yo disponib pou verifikasyon ak odit.

Pou asistans, tanpri kontakte Marnie Jain nan Depatman Edikasyon Elemantè ak Segondè. Tel: 781/338-3908 oswa imel: mjain@doe.mass.edu. Yo ta dwe voye aplikasyon pou revizyon bay Madam Jain nan Depatman Edikasyon Elemantè ak Segondè Massachusetts – Biwo Edikasyon Karyè/Vokasyonèl Teknik, 75 Pleasant Street ▪ Malden, MA 02148.

Anèks C – Ribrik Nòt pou materyèl Aplikasyon Admisyon (Non-rezidan)

- a. **Aliyman pwen fò yo pou envantè enterè karyè** (Holland Codes) ak tip konpetans ak kapasite yo jwenn anjeneral nan travayè ki gen siksè nan kou yo mande a oswa domèn karyè a. Nòt sou yon echèl 1 (ba) a 5 (wo); 25% nan nòt total.
- b. **Fòs motivasyon** eksprime oswa enterè pou angaje nan plis eksplorasyon nan domèn karyè yo mande a, jan sa evidan pa **yon rekòmandasyon detaye** yon pwofesè eksploratwa nan domèn sa a, konseye pedagogik elèv la, yon manm fanmi lakay elèv la, yon moun ki travay nan domèn karyè yo mande a EPI ki konnen enterè elèv la demontre, oswa yon edikatè ki konnen elèv la pandan yon ane oswa plis. Nòt sou yon echèl 1 (ba) a 5 (wo); 25% nan nòt total.
- c. **Fòs motivasyon** eksprime oswa enterè pou angaje nan plis eksplorasyon nan domèn karyè yo mande a, jan sa pwouve pa yon demonstrasyon alekri oswa otremman pale **pa aplikan an** sou aspirasyon karyè ak enterè nan domèn karyè a. Egzanp: yon deklarasyon enterè alekri oswa yon entèvyou ak yon edikatè CRLS/RSTA, ki adrese kesyon an: Poukisa ou vle aprann plis sou domèn karyè sa a oswa pou vin travay nan domèn karyè sa a? Nòt sou yon echèl 1 (ba) a 5 (wo); 25% nan nòt total.
- d. **Konesans ak/oswa konpetans demontre** dirèkteman lye ak eksplorasyon prekòs oswa eksperyans ak aktivite nan domèn karyè yo mande a, ki endike motivasyon, enterè, ak/oswa metriz konpetans yo nan domèn karyè yo mande a. Nòt sou yon echèl 1 (ba) a 5 (wo); 25% nan nòt total.